ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

A.Shamshetov, R.Tlewbergenov,
Q.Aytımbetov

# O`NDIRIS A`MELIYATIN ShO`LKEMLESTIRIW HA`M O`TKIZIW

## METODIKALIQ KO`RSETPE

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG`I MINISTRLIGI

TAShKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI NO`KIS FILIALI

---

A. S. Shamshetov, R. Sh. Tleubergenov, Q. O. Aytımbetov

# O`ndiris a`meliyatın sho`lkemlestiriw ha`m o`tkiziw boyınsha

# METODIKALIQ KO`RSETPE

*(«Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bakalavr ta`lim bag`darının` studentleri ushın)*

NO`KIS
«QARAQALPAQSTAN»
2012-jıl

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

BBK 65.053 Avtorlar: Shamshetov A., Tleubergenov R., Aytımbetov Q.
O`-54 O`NDIRIS A`MELIYaTIN ShO`LKEMLESTIRIW HA`M O`TKIZIW BOYINShA METODIKALIQ KO`RSETPE: - No`kis «Qaraqalpaqstan» baspası, 2012-jıl, 28 bet.

Bul metodikalıq ko`rsetpe Joqarı oqıw orınlarının` 5660400-«Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bakalavriat bag`darının` studentleri ushın arnalıp, metodikalıq ko`rsetpede studentlerdin` o`ndirislik a`meliyat o`tiwi ushın tolıq mag`lıwmatlar berilgen. Studentler teoriyalıq bilimlerin a`melde bekkemlew ushın o`tkeriletug`ın a`meliyattı sho`lkemlestiriw ha`m o`tkiziw ma`selelerine arnalg`an bolıp, a`meliyat o`tiw dawamında bul metodikalıq ko`rsetpeden tolıq paydalana aladı.

**Pikir bildiriwshiler:** Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti «Buxgalteriya esabı ha`m audit» kafedrası baslıg`ı: dotsent Q. Ismaylov

Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti «Finans» kafedrası baslıg`ı: dotsent S. Bayjanov

Metodikalıq ko`rsetpe «Ekonomika ha`m awıl xojalıg`ın basqarıw» kafkdrasının` oqıw –metodikalıq seminarında dodalandı (2012 jıl 18-yanvarda №3 bayannama).

TashMAU No`kis filialı oqıw-metodikalıq ken`esinde №7 is qag`azı 14-mart 2012 jılı tastıyıqlandı ha`m baspadan shıg`arıwg`a ruxsat etildi.

© - "Qaraqalpaqstan" baspası - 2012

KIRISIW

Bu`gingi ku`nde joqarı qa`nigeli kadrlar tayarlaw sistemasında a`meliyattı biliw, u`yreniw ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Studentler a`meliyat da`wirinde lektsiya, a`meliy sabaqlardan alg`an teoriyalıq bilimlerin teren`lestirip, u`yrenip baradı, ilimiy-teoriyalıq bilimleri ta`jiriybede sınaw jolı menen tekseriledi ha`m olardı tu`sinip jetedi.

A`meliy tayarlanıw studentlerdin` du`nya qarasın rawajlandırıwg`a, olarda miynet su`yiwshilikti, ziyreklilikti, g`a`rezsizlikti ha`m ishtegi ta`rtipti ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi.

O`ndiris a`meliyatın studentler en` jaqsı, o`rnekli fermer xojalıqlarında ha`m basqada awıl xojalıq sub`ektlerinde alıp baradı. Studentlerdi a`meliy oqıtıwg`a arnawlı, qa`nige kafedralar metodikalıq basshılıq qıladı.

5660400-«Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» ta`lim bag`darı boyınsha oqıw rejesine muwapıq 3-kursta o`ndiris a`meliyatı rejelestirilgen. «Ekonomika ha`m awıl xojalıg`ın basqarıw» kafedrası o`ndirislik a`meliyattı o`tkiziwde metodikalıq ta`miynlewdi sho`lkemlestiredi.

## 1. Ulıwma qag`ıydalar

Usı bag`darlama «O`zbekstan Respublikası joqarı bilimlendiriw mekemeleri studentlerinin` o`ndirislik a`meliyatı haqqında Nızamı»nın` (Joqarı ha`m Orta Arnawlı Bilimlendiriw Ministrliginin` 1998 jıl 30 oktyabr 305-sanlı buyrıg`ı menen tastıyıqlang`an) 1.3 ba`ntine ha`m Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti No`kis filialının` oqıw-metodikalıq ken`esinin` 2012 jıl 14-marttag`ı qararına muwapıq «Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bakalavr bag`darında bilim alıp atırg`an 3-kurs studentlerinin` o`ndirislik a`meliyat o`tiwleri ushın metodikalıq ko`rsetpe sıpatında islep shıg`ıldı.

### 1.1. A`meliyattın` maqseti

**O`ndirislik a`meliyat** - studentlerdin` «Buxgalteriya esabı teoriyası», «Finanslıq esap», «Basqarıw esabı», «Finanslıq ha`m basqarıw analizi», ha`m

«Finanslıq esabat» pa`nlerinen alg`an teoriyalıq bilimlerin xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` a`meliyatına qollay alıw ko`nlikpesine iye bolıw ha`mde olardı ja`nede teren` irek o`zlestiriw boyınsha jeterlishe bilimlerge iye bolıwı esaplanadı.

O`ndirislik a`meliyattı o`tiw, awıl xojalıg`ı ushın jetik qa`nigelerdi tayarlawda za`ru`rli a`hmiyetke iye bolıp esaplanadı. O`ndirislik a`meliyat «Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bakalavriat ta`lim bag`darı studentlerinin` oqıw protsessinin` ajıralmas bo`legi bolıp, Respublikamızdag`ı awıl xojalıq sub`ektlerine joqarı kvalifikatsiyalı qa`nigelerdi tayarlawda u`lken a`hmiyetke iye.

**O`ndirislik a`meliyattın` tiykarg`ı maqseti**-bazar qatnasıqlarına o`tiw jag`dayında joqarı ha`m orta ekonomikalıq bilimlendiriwdi qayta qurıw, menshik formalarının` qanday bolıwına qaramastan barlıq ka`rxanalar ushın qa`nige tayarlawdın` sapasın arttırıw ayrıqsha a`hmiyetke iye. A`meliyattın` maqseti ka`nigelerdi bazar qatnasıqları jag`dayında ka`rxanalardı basqarıwg`a u`yretiwden ibarat.

**A`meliyattın` tiykarg`ı wazıypası** – studentlerge awıl xojalıg`ındag`ı xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` buxgalteriyalıq esap jumısların ju`rgiziw ha`m esapqa alıw jumıslarının` ma`nisin tu`sindiriwden ibarat.

«Awıl xojalıg`ında buxgalteriyalıq esap ha`m audit» bakalavriat ta`lim bag`darının` studentleri aldına qoyg`an maqsetine erisiwleri ushın o`ndirislik a`meliyattı o`tiw da`wirinde to`mendegi wazıypalardı orınlawı lazım:

-xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` sho`lkemlestiriwshilik-texnologiyalıq du`zilisin ha`m orınlaytug`ın wazıypaların u`yreniw ha`mde analiz qılıw tiykarında olardın` xızmetine tuwrı baha beriw;

-da`slepki esap mag`lıwmatların sho`lkemlestiriw, xojalıq aylanıslarının` esap registrları ha`m tu`rlerinde esap ob`ektleri boyınsha o`z-aldına ra`smiylestiriw ta`rtibi menen tanısıw, sonday-aq, xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler xızmetin basqarıwda buxgalteriya esabı ha`m analizinin` a`hmiyetin u`yreniw;

-xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerde o`nim (jumıs, xızmet)lerdi o`ndiriw, sonday-aq, tovar jetkerip beriwshi ha`m kesip alıp islewshiler, qarıydarlar menen debitor ha`m kreditorlar menen o`z-ara ekonomikalıq qatnasıqlar boyınsha esap-kitap

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

operatsiyalarin sho`lkemlestiriw ha`mde olardin` buxgalteriya esabin tuwri ju`ritiwdi u`yreniw;

-xojaliq ju`ritiwshi sub`ektlerde finansliq na`tiyjelerdin` qa`liplesiwin analiz qiliw, sonday-aq, payda (ziyan)nin` xizmet tu`rleri boyinsha payda boliwi, saliqqa tartilg`ansha payda bolg`an jalpi payda (ziyan)di aniqlaw ha`mde esabat jilinin` sap paydasin esaplaw jumislarin u`yreniw;

-xojaliq ju`ritiwshi sub`ektlerde ag`imdag`i ha`m jilliq finansliq ha`m statistikaliq esabatlardin` formalari quramin ha`mde oni du`ziw ta`rtibin u`yreniw;

-finansliq esabat ha`m basqa finansliq mag`liwmattin` tuwriliq`i ha`m nizam hu`jjetlerine sa`ykesligin aniqlaw maqsetinde tekseriw usillarin u`yreniw.

A`meliyat o`tiw da`wirinde studentler buxgalteriyaliq esap ha`m audit bakalavriat ta`lim bag`dari boyinsha o`tilgen teoriyaliq bilimlerin a`melde sinap ko`redi ha`m bekkemleydi, sonin` menen birge ayrim jag`daylarda buxgalteriyaliq operatsiyalardi basqariwg`a qatnasadi.

A`meliyatti o`tiw da`wirinde student awil xojalig`i mekemesinin` ja`miyetlik turmisinda jedel qatnasiwi, o`zinin` waziypalarina juwapkershilik penen qarawi, intizamliliqtin` ayqin misali boliwi, ha`r qiyli jumis tu`rlerinin` aldin`g`i ta`jiriybelerin u`yrenip ha`m ko`pshilikke ja`riyalawi sha`rt.

A`meliyattin` oqiw maqsetlerine erisiw ushin ha`mde o`z miynetin ta`rtiplestiriw ushin ha`r bir student sistemali tu`rde ha`r ku`ni a`meliyattin` jeke ku`ndeligin toltirip bariwi lazim. (1-keste)

A`meliyatti o`tiw da`wirinde student kafedradag`i ilim-izertlew jumislarina paydalaniwg`a mag`liwmat jiynaw ushin progressiv o`ndirislik protsesslerdi, material ha`m mag`liwmatlardi u`yreniwge itibar beriwi tiyis. Bul materiallardi student keyinirek pitkeriw qa`nigelik jumisin islegende de paydalaniwi mu`mkin.

1-keste

| Sa`ne | Ornlanatug`ın jumıslardın` qısqasha mazmunı | Basshının` imzası |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

Ka`rxana basshısı: ____________

Bas esapshı: ____________

Studentler a`meliyat o`tkiziw boyınsha basshı oqıtıwshı menen birgelikte a`meliyat da`wiri ushın kalendarlıq reje du`zip, kafedra baslıg`ına tastıyıqlatadı ha`m usı reje boyınsha a`meliyat o`tkiziwge kirisedi. (2-keste)

Studentler a`meliyat da`wirinde ornlanatug`ın a`meliy jumıslardı ka`rxana, xojalıqlardan alatug`ın mag`lıwmatları tiykarında rejelestiriwleri usınıs etiledi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

«Tastıyıqlayman»
kafedra baslıg`ı
________________
«___»_________20__j.

«Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bag`darı III-kurs __-topar studenti ______________________________ nin` 20__ jıl «__»________ dan 20___ jıl «__»_________ na shekem o`ndiris a`meliyatın o`tkeriw ushın

## KALENDARLIQ REJESI

2-keste

| Ta`rtip № | Orınlanatug`ın jumıslardın` qısqasha mazmunı | Sa`nesi | Jumıstın` orınlanatug`ın ornı |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

_________ - topar studenti ________________

Basshı: ________________

## 1.2. Praktikanın' mu'ddeti

O'ndirislik a'meliyattı o'tiw da'wirinde studenttin' is jayı bolıp, Respublikanın' awıl xojalıq mekemeleri, onın' bo'limleri, buxgalteriya, esaplaw orayı, finans-reje, o'ndiris, miynetke haqı esaplaw, satıw ha'm tag'ı basqa bo'limleri esaplanadı.

«Awıl xojalıg'ında buxgalteriya esabı ha'm audit» bag'darı boyınsha o'ndirislik a'meliyat oqıw rejesine muwapıq 8 ha'pte yamasa ulıwma 56 ku'n, sonın' ishinde 48 jumıs ku'ni ajıratılg'an. O'ndirislik a'meliyattı o'tiw bag'darlamasında keltirilgen temalar bo'limleri boyınsha jumıs waqtı (jumıs ku'ni)nın' to'mendegi bo'listiriw rejesi tiykarında a'melge asırıladı:

| № | O'ndiriislik a'meliyat temalarının' atamaları | Jumıs ku'ni |
|---|---|---|
| 1. | Awıl xojalıq mekemesi quramının' du'zilisi ha'm funktsional wazıypaların u'yreniw | 1 |
| 2. | Kassa mashqalaları boyınsha esap–kitaplarda qollanılatug'ın hu'jjetler menen tanısıw ha'm toltırıwdı u'yreniw. | 5 |
| 3. | Esap-kitap, valyuta ha'm arnawlı schyotlar boyınsha mashqalalarda qollanılatug'ın hu'jjetlerdi u'yreniw. | 5 |
| 4. | Miynetke haqı to'lewdi esapqa alıw ha'm onda qollanılatug'ın hu'jjetler menen tanısıw. | 5 |
| 5. | Esapshı ta'repler ha'm xızmetkerler menen basqa mashqalaları boyınsha esap-kitaplarda qollanılatug'ın hu'jjetlerin u'yreniw | 5 |
| 6. | O'nim, tovar jetkizip beriwshiler ha'm arendashılar, qarıydar ha'm buyırtpashılar, debitor ha'm kreditorlar menen esap-kitapları esapqa alıw ta'rtibi menen tanısıw. | 5 |
| 7. | Salıqlar ha'm jıyımlar ha'mde qamsızlandırıw ha'm maqsetli ma'mleketlik jamg'armalarına to'lemler boyınsha esap-kitapların esapqa alıwdı qollanılatug'ın hu'jjetler menen tanısıw. | 5 |
| 8. | Kredit ha'm qarızlardı esapqa alıwda qollanılatug'ın hu'jjetler menen tanısıw. | 5 |
| 9. | O'ndiris rezervlerin esapqa alıwda qollanılatug'ın hu'jjetler menen tanısıw | 5 |
| 10. | O'ndiris shıg'ınları, alıng'an o'nimler esabı ha'm o'zine tu'ser bahasın esaplaw | 5 |
| 11 | Esabattı hu'jjetlestiriw | 2 |
| | Ja'mi | 48 |

## 1.3. Praktikanın' mazmunı

O`ndirislik a`meliyat awıl xojalıq mekemelerinde o`tkeriledi. A`meliyattın` birinshi ku`ninde filialdag`ı a`meliyat basshıları menen birgelikte ken`es o`tkeriledi ha`m bunda o`ndirislik a`meliyattın` aldın`da turg`an wazıypaları talıqlanıp jumıs belgilenedi. Birinshi ku`nleri student ka`rxananın` o`zi menen onın` strukturası, o`ndiristi basqarıw ha`m sho`lkemlestiriwi menen tanısadı. Student ka`rxana bo`limlerinin` xızmet mazmunı menen qısqasha tanısadı ha`mde buxgalteriya bo`limi jumıslarının` maqsetke muwapıq huqıqıy jag`daylarin, usı bo`limnin` is ha`reketin retlestiriwdi, basqa jumısshılar arasındag`ı wazıypalardı bo`listiriwdi buxgalteriya bo`liminen, jumıs jobasın tanıstırıwdan baslaw. Sonın` menen a`meliyattı o`tiw protsessinde student to`mendegi temalar boyınsha a`meliyattı u`yrenip shıg`ıwı kerek.

**1-tema. Ka`rxananın` sho`lkemlestiriwshilik-huqıqıy forması, mu`lkshilik forması, tiykarg`ı ustav xızmeti, quramlıq du`zilisi, buxgalteriya esabı ha`m finans-ekonomikalıq jumıslarının` sho`lkemlestiriliwi.**

Bul bo`limde student a`meliyat o`tetug`ın ka`rxananın`, awıl xojalıq subektinin` sho`lkemlestiriwshilik-huqıqıy forması ha`m tiykarg`ı ustav xızmeti menen tanısadı. Sonnan, sho`lkemlestiriwshilik hu`jjetleri (ustavı, sho`lkemlestiriwshilik-sha`rtnaması h.t.b) ma`mleketlik salıq inspektsiyası ha`m basqa ma`mleketlik ha`mde ma`mleketlik emes sho`lkemlerde dizimnen, esaptan o`tkenligi, xızmet ko`rsetiwshi bank, o`nim jetkizip beriwshi mekemeler, qarıydar ha`m buyırtpashı sho`lkemler menen du`zilgen sha`rtnamalar ha`m basqa hu`jjetlerden ko`shirmelerdi aladı.

Ka`rxananın` quramlıq du`zilisi, buxgalterlerdin` lawazım buyrıqları (ko`rsetpeleri), xızmet wazıypaları, qa`nigeligi ha`m normativ-hu`jjetler menen ta`miynlengenligi u`yreniledi.

Ka`rxanada esap-kitap siyasatı bar bolg`anlıg`ı ha`m onın` nusqası ha`mde elementlerinin` ko`rsetkishleri (isshi schyotlar rejesi, da`slepki hu`jjetler, analitikalıq

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ha`m sintetikalıq esap registrleri esabı, hu`jjetlerdin` aylanıs grafigi, bahalaw ha`m amortizatsiyanı esaplaw usılları h.t.b) u`yreniledi.

Basqa finanslıq-ekonomikalıq jumıslarının` sho`lkemlestiriliwi jag`dayına da baha beriledi.

**2-tema. Kassa mashqalaları boyınsha esap-kitaplarda qollanılatug`ın hu`jjetler menen tanısıw ha`m toltırıwdı u`yreniw.**

Kassa aylanısı esabı ha`m ka`rxanada kassa operatsiyaların ju`rgiziw ta`rtibi menen tanısıw.

Kassa aylanısı tiykarınan toltırılg`an hu`jjetlerdi qabıl qılıw, tekseriw ha`m buxgalteriyada islew beriw menen tanısıw.

Kassalıq kiris ha`m shıg`ıs orderlerin toltırıwdı u`yreniw. Kassa da`pterin ju`rgiziw ha`m hu`jjetlerdi ka`rxana buxgalteriyasına tapsırıw ta`rtibi menen tanısıw.

Naq pul tapsırıw haqqındag`ı dag`azanı toltırıwdı u`yreniw.

Kassalıq esabatın du`ziwdi u`yreniw. Olardan nusqalar,ko`shirmeler alıw.

**3-tema. Esap-kitap, valyuta ha`m arnawlı schyotlar boyınsha aylanıslarda qollanılatug`ın hu`jjetlerdi u`yreniw.**

Ka`rxananın` banktegi ashılg`an esap-kitap, valyuta ha`m arnawlı schyotlar haqqında tu`sinik beriledi. Ka`rxana schyot ashıw ushın bankke usınılg`an hu`jjetler esabı. Ka`rxanag`a berilgen salıq to`lewshinin` identifikatsiyalıq sanı (STIR), bank kodı (MFO) haqqında mag`lıwmat keltiriw. Esap-kitap, valyuta ha`m arnawlı schyotlar boyınsha aylanıslarg`a sa`ykes da`slepki hu`jjetlerdi qabıl qılıw, tekseriw ha`m buxgalteriyada islew beriw menen tanısıw. To`lew tapsırıqnaması, to`lew talapnaması, akkreditiv ashıw ushın arza, chek da`ptersheleri, inkassa tapsırıqnamasın toltırıwdı u`yreniw ha`m u`lgiler alıw.

Ka`rxananın` banktegi schyotlarınan alıng`an ko`shirmelerin alıw, buxgalteriyada islew beriw menen tanısıw ha`m u`lgiler alıw. Bank aylanısında toplang`an vedomostın du`ziwdi u`yreniw.



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**4-tema. Miynetti ha`m og`an haqı to`lewdi esapqa alıw ha`m onda qollanılatug`ın hu`jjetler menen tanısıw.**

Miynetti esapqa alıwdın` bir jıllıq baslang`ısh hu`jjetlerin qabıl qılıw, tekseriw ha`m islew beriw ta`rtibi menen tanısıw. O`simlikshilik, sharwashılıq, xızmet ko`rsetiw ha`m xojalıqtın` basqa tarawlarında orınlang`an jumıslar boyınsha toplang`an vedomostlar du`ziw (kalkulyatsiya obektlerine ajıratıp). Qa`nigelerge, normativ ha`m xızmet qılıwshılarg`a tiykarg`ı miynet haqı esaplaw ta`rtibin u`yreniw.

Jumıs waqtın esapqa alıw tabelin ha`m og`an tiykarlanıp miynet haqın esaplawdı u`yreniw.

Miynet haqı to`lew boyınsha baslang`ısh hu`jjetlerin toltırıwın u`yreniw ha`m u`lgiler alıw (naryad, orınlang`an jumıslardı esapqa alıw beti, ma`limlemeler ha`m basqalar).

Jumısshılarg`a, qa`nigelerge ha`m jallanba isshilerge miynet haqı to`lew. Esaplasıw-to`lew vedomostın du`ziwdi u`yreniw.

Miynet haqı to`lew ha`m esaplaw operatsiyaları boyınsha buxgalteriya provodkaların du`ziw, orınlang`an jumıslar esabı, esaplasıw-to`lew vedomostları tiykarında miynetke haqı to`lew summasın islep shıg`arıw qa`rejetleri schyotına o`tkiziw ta`rtibin u`yreniw.

Du`zilgen provodkaların «Miynet haqı boyınsha islewshi menen esap-kitaplar» schyotının` analitikalıq schyotlarına o`tkiziw.

Xojalıqtın` ag`zaları ha`m jallanba isshiler menen qılıng`an esap-kitaplar boyınsha aylanıs vedomostların du`ziwdi u`yreniw.

**5-tema. Esaplasıwshı ta`repler ha`m xızmetkerler menen basqa aylanısı boyınsha esap-kitaplarda qollanılatug`ın hu`jjetlerin u`yreniw.**

Ka`rxanada esaplasıwshı ta`replerge tiyisli summaların beriw ha`m qa`rejetlerge, shıg`ınlarg`a jazıw ta`rtibi menen tanısıw. Arza, buyrıqlar menen tanısıw. Avans esabatın du`ziw, avans esabatların tekseriw ha`m qabıl qılıwdı u`yreniw. Esaplasıwshı ta`repler menen bolatug`ın esap-kitaplar boyınsha

buxgalteriya provodkaların du`ziw. Usı provodkaların esaplasıwshı ta`repler menen esap-kitapların analitikalıq schyotlarına jazıw.

Ka`rxanadag`ı isshiler ha`mde esap-kitaplar ta`rtibi menen tanısıw. Sha`rtnamalar ha`m basqa da`slepki hu`jjetlerin du`ziwdi u`yreniw ha`m u`lgiler alıw.

**6-tema. O`nim, tovar jetkizip beriwshiler ha`m arendashılar, qarıydar ha`m buyırtpashılar, debitor ha`m kreditorlar menen esap-kitaplardı esapqa alıw ta`rtibi menen tanısıw.**

Du`zilgen sha`rtnamalar menen tanısıw ha`m u`lgiler alıw. Pul o`tkerilip beriliwi ha`m pul kelip tu`siwine tiykar salıwshı hu`jjetler menen tanısıw, toltırıwdı u`yreniw, mag`lıwmatlardı registrlarg`a o`tkiziwdi u`yreniw.

Ma`mleketlik buyırtpa ha`m sha`rtnama minnetlemelerin orınlawdın` esabı menen tanısıw.

O`nim ha`m tovarlardı realizatsiya qılıw (ma`mleketke satıw, komission sawda, bazarda satıw ha`m basqalar) boyınsha ha`mde realizatsiya menen baylanıslı bolg`an qa`rejetlerdi baslang`ısh ha`m jıyındı hu`jjetleri menen tanısıw.

Tayarlaw punktlerinde o`nimler ha`m tovarlardı qabıl qılıw ta`rtibi menen tanısıw. Tayarlaw sho`lkemleri qabıl kvitantsiyaları registrin du`ziw. Xojalıqtın` shette orınlang`an jumısları ha`m ko`rsetken xızmetlerin esapqa alıw ha`m hu`jjetleri menen tanısıw.

Ko`rsetilgen tiykarg`ı o`nimler ha`m tovarlar realizatsiyası tiykarınan buxgalteriya provodkaların du`ziw ha`m usı provodkalardın` o`nimler realizatsiyasın esapqa alatug`ın analitikalıq esap da`pterine jazıwdı u`yreniw.

Tayarlaw sho`lkemleri menen bolatug`ın esap-kitaplar ha`m olardı hu`jjetlestiriw ta`rtibi menen tanısıw.

Satılatug`ın o`nimlerge schyot-fakturalar, to`lew tapsırıqnaması ha`m talapnama registrların du`ziw.

**7-tema. Salıqlar ha`m jıyımlar ha`mde qamsızlandırıw ha`m maqsetli ma`mleketlik jang`armalarına to`lemler boyınsha esap-kitaplardı esapqa alıwda qollanılatug`ın hu`jjetler menen tanısıw.**

Ka`rxana qaysı salıqlar ha`m jıyımlardı ha`mde qamsızlandırıw ha`m maqsetli ma`mleketlik jang`armalarına to`lemler to`leniwin anıqlaw.

Salıqlar ha`m jıyımlar, qamsızlandırıw ha`m maqsetli ma`mleketlik jang`armalarına to`lemlerdi esaplawda toltırılatug`ın da`slepki hu`jjetlerin du`ziwdi u`yreniw ha`m u`lgiler alıw.

Da`slepki hu`jjetlerdegi mag`lıwmatlardı esap registrlerine jazıwdı u`yreniw.

**8-tema. Kredit ha`m qarızlardı esapqa alıwda qollanılatug`ın hu`jjetler menen tanısıw.**

Ka`rxanada kredit ha`m qarızlar alıng`an yamasa alınbag`anlıg`ın anıqlaw.

Eger alıng`an bolsa, sha`rtnamalar ha`m basqa tiykar bolıwshı hu`jjetler menen tanısıw.

Kredit ha`m qarızlar boyınsha toltırılg`an hu`jjetlerdi qabıl qılıw, tekseriw ha`m buxgalteriyada islew beriw menen tanısıw.

Protsent esaplaw ha`m og`an tiykar bolıwshı hu`jjetler menen tanısıw. Kreditlerdi qaytarıw ha`m protsentlerin to`lew ta`rtibi menen tanısıw, hu`jjetlerden u`lgiler alıw.

**9-tema. O`ndiris rezervlerin esapqa alıwda qollanılatug`ın hu`jjetler menen tanısıw.**

O`ndiris rezervleri ha`m tayar o`nimlerdin` analitikalıq esabı, material ha`m o`nimlerdi bahalaw ta`rtibi, klassifikatsiyası menen tanısıw.

Tayar o`nimler ha`m o`ndiris rezervleri (tuxım, ot-sho`p o`nimleri, xojalıq u`skeneleri ha`m inventarlar ha`reketi) boyınsha materiallıq jawapker adamlardın` hu`jjetleri ha`m esabatların qabıl qılıw ha`m tekseriw. (Materiallıq juwapkerlik haqqındag`ı sha`rtnama, isenim xatı, kiris ju`k xatı, shıg`ıs ju`k xatı, schyot-faktura ha`m t.b).

Keltirilgen hu`jjetler tiykarında jıyındı-toparlawshı vedomostlar du`ziw. O`nim ha`m o`ndiris rezervlerinin` ha`reketi boyınsha buxgalteriya provodkaların du`ziw

ha`m olardı kerekli schyotlarının` tiyisli analitikalıq schyotlarına jazıw. Neft o`nimlerin esaptan shıg`arıwda transport tayarlaw qa`rejetleri ha`m preyskurant bahalardan parqın ha`m summasın anıqlaw. Schyotlar boyınsha oborot yamasa saldo vedomostların du`ziw ta`rtibi menen tanısıw. Tayar o`nimler ha`m o`ndiris rezervlerin esapqa alıw ta`rtibi menen tanısıw.

«Materiallar ha`reketi haqqındag`ı esabat», «Sklad esabı da`pteri» ha`m basqa hu`jjetlerdi du`ziwdi u`yreniw ha`m u`lgiler alıw.

O`ristegi ha`m bag`ıwdag`ı sharwa malları ha`reketi haqqındag`ı baslang`ısh hu`jjetlerin qabıl qılıw, tekseriw ha`m buxgalteriyada islew ta`rtibi menen tanısıw ha`m u`lgiler alıw.

**10-tema. O`ndiris shıg`ınları, alıng`an o`nimler esabı ha`m o`zine tu`ser bahasın esaplaw.**

O`ndiris shıg`ınlarının` sintetikalıq ha`m analitikalıq esabı menen tanısıw: o`simlikshilik, sharwashılıq, ja`rdemshi ha`m xızmet ko`rsetiwshi o`ndirisler, ulıwma o`ndiris ha`m da`wir shıg`ınları.

O`ndiris shıg`ınların esapqa alıw vedomost ha`m og`an qosımsha qılıng`an hu`jjetler qabıl qılıw ha`m buxgalteriyada islep shıg`ıw.

O`ndiris shıg`ınların esapqa alıw vedomostın toltırıw ta`rtibi menen tanısıw.

O`tken jılg`ı materiallarg`a tiykarınan traktorlar, awıl xojalıq mashinaları ha`m basqa u`skenelerge esaplang`an amortizatsiya, qılıng`an ku`ndelikli on`law qa`rejetlerinin` kalkulyatsiya obektlerine bo`listiriw vedomostın du`ziw.

Ja`rdemshi o`ndiris qa`rejetleri menen tanısıw (on`law ustaxanası, ju`k transportı, janlı tartıw transprortı). Ja`rdemshi o`ndiris ko`rsetken xızmetlerinin` o`zine tu`ser bahasın esaplaw ta`rtibi menen tanısıw. O`tken jılg`ı hu`jjetler boyınsha ju`k avtomashinası ha`m janlı tartıw ku`shleri xızmetlerin bo`listiriw vedomostların du`ziw.

Ulıwma o`ndiris qa`rejetlerin bo`listiriw ta`rtibi menen tanısıw. O`tken jılg`ı mag`lıwmatlar tiykarında ulıwma o`ndiris shıg`ınların bo`listiriw vedomostın du`ziwdi u`yreniw.



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

O`tken jılg`ı mag`lıwmatlar tiykarında o`simlikshilik, sharwashılıq o`nimleri o`zine tu`ser bahasın esaplaw ta`rtibi menen tanısıw (o`nimlerdin` 2-3 tu`ri boyınsha). O`nimlerdin` o`zine tu`ser bahasın esaplaw ju`zesinen buxgalteriya provodkaların du`ziw, olardın` o`ndiris shıg`ınlarının` analitikalıq esap da`pterine jazıw (o`simlikshilik, sharwashılıq).

**1.4. Inventarizatsiya boyınsha hu`jjetler menen tanısıw.**

Inventarizatsiya o`tkiziwge tiyisli normativ hu`jjetler ha`m xojalıqtın` inventarizatsiya o`tkiziw rejesi menen tanısıw.

2-3 inventarizatsiya ob`ekti boyınsha tolıq hu`jjetlerden ko`shirme alıw ha`m da`lillep beriw.

**1.5. A`meliyat esabatın ra`smiylestiriw.**

Ha`r bir student a`meliyatta orınlang`an jumısı boyınsha 45-50 bet ko`leminde jazba esabat du`zedi. A`meliyat esabatın tayarlaw a`meliyat bag`darlamasında ko`rsetilgen temalardı buxgalteriya esabının` teoriyalıq ha`m a`meliy mag`lıwmatları tiykarında analiz qılıw, u`yreniw ha`mde og`an juwap jazıwdı talap qıladı.

A`meliyat esabatı buxgalteriya esabının` a`meliy mag`lıwmatları tiykarında da`slepki hu`jjetleri, sintetikalıq ha`m analitikalıq esap registrları, studentler ta`repinen orınlang`an g`a`rezsiz esap-kitaplar, toltırılg`an jıllıq finanslıq esabatlar formaları qosımsha qılınadı. Esabatta sızılma, keste yamasa grafikler (diagramma) bolıwı sha`rt.

A`meliyat esabatının` teksti ha`m og`an qılıng`an qosımshalar no`merlengen bolıwı ha`m pikir bildiriwshi ayrım kemshiliklerdi-ko`rsetiwi ushın tu`sinikler ge orın qaldırıwı lazım. Esabat bo`limleri ha`m tekstin` izbe-izligi, a`meliyattı o`tiw bag`darlamasında usınıs etilgen temalardın` izbe-izligine muwapıq keliwi lazım. Esabattın` titul beti 1-qosımshada ko`rsetilgen formada bolıwı kerek **(1-qosımshag`a qaran`).**

### 1.6. Analiz kesteleri ko`rgizbeleri.

Student a`meliyattı o`tiw da`wirinde a`meliyat bag`darlamasında belgilengen temalardı teoriyalıq ha`m a`meliy ta`repten u`yreniw ha`mde analiz qılıw talap etiledi. Bunda usı temalardın` mazmunı ha`m a`hmiyetin ken`irek ashıp beriw, a`meliyat o`tip atırg`an ka`rxana (sho`lkem)nın` finanslıq-xojalıq xızmetine ob`ektiv baha beriwde qolay ha`m tu`sinikli bolıwı ushın sızılma, keste yamasa grafikler (diagramma)den paydalanıw kerek boladı. Sebebi usı sızılma, keste ha`m grafik (diagramma) ko`rinisindegi mag`lıwmatlar u`yrenilip atırg`an ka`rxana (sho`lkem) boyınsha tolıq ko`riniske iye bolıw mu`mkinshiligin beredi. Sol sebepten, studentlerdin` a`meliy esabatlarında to`mendegi u`lgi formalarındag`ı sızılma, keste yamasa grafik (diagramma)ler o`z ko`rinisin tabıwı talap qılınadı **(2-qosımshag`a qaran`)**.

### 2. A`meliyattı sho`lkemlestiriw ha`m og`an basshılıq etiw

O`ndirislik a`meliyattı sho`lkemlestiriw ha`m og`an basshılıq qılıw «Ekonomika ha`m awıl xojalıg`ın basqarıw» kafedrası ta`repinen a`melge asırıladı. Bunda kafedra ta`repinen usınıs etilgen ha`m filialdın` arnawlı buyrıg`ı menen tastıyıqlang`an professor - oqıtıwshılar o`ndirislik a`meliyatına basshılıq qıladı.

Xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler ta`repinen bolsa, a`meliyatqa basshı etip bas buxgalteri ha`m basqada ja`rdemshi buxgalterleri, qa`nigeler ha`mde ta`jiriybeli xızmetkerler tayınlanıwı mu`mkin.

Studentlerdin` o`ndirislik a`meliyatı ka`rxananın`, xojalıqtın` buxgalteriyalıq esap bo`liminde o`tkeriledi. A`meliyat o`tiw ushın studentler to`mendegi nızamlardı basshılıqqa aladı:

«Buxgalteriyalıq esap», «Ka`rxanalar haqqında»g`ı, «Menshik haqqında»g`ı, «Salıq haqqında»g`ı ha`m basqada normativlik hujjetler ha`m ko`rsetpeler. Student a`meliyat basshısı menen birgelikte a`meliyattın` o`tiw ta`rtibi, mu`ddeti ha`m ma`jilisin anıqlap beriwshi kalendarlıq joba islep shıg`adı. A`meliyat o`tiw da`wirinde student a`meliyat basshısı ta`repinen tekseriledi ha`m qol qoyılatug`ın ku`ndelikler ju`rgiziledi. O`ndirislik a`meliyat da`wirinde student ka`rxananın` jumıs

ta`rtibine boysınadı. A`meliyat waqtında studentler sho`lkemlestiriwshilik ma`jilislerde qatnasıwı ha`m ilimiy izertlew jumısların ju`rgiziwi kerek.

**Filialdan belgilengen basshının` minnetlemeleri:**

- a`meliyat baslanıwında a`meliyatshı – student penen sa`wbetlesiw o`tkiziw ha`m onı a`meliyattı o`tiw ta`rtibi menen tanıstırıw;

- xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler ta`repinen belgilengen basshı menen birgelikte a`meliyatshının` individual kalendarlıq-tematikalıq is rejesin du`ziw;

- a`meliyattın` barısın sistemalı tu`rde (kafedrada belgilengen mu`ddette) tekserip barıw, ha`r bir studenttin` isin qadag`alaw, student ta`repinen a`meliyat bag`darlamasındag`ı ayrım ma`selelerdi u`yreniw da`rejesin anıqlaw;

- a`meliyat bag`darlamasındag`ı ayrım temalar ju`zesinen studentke ma`sla`ha`tler beriw;

- a`meliyattı o`z waqtında ha`m bag`darlamag`a muwapıq, tolıq ko`lemde o`tiwin ta`miyinlew, xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler ta`repinen belgilengen basshının` itibarın jol qoyılg`an kemshiliklerdi saplastırıwg`a qaratıw;

- ku`ndeliktegi jazıwlardın` o`z waqtında jazılg`anlıg`ın ha`m tuwrılıg`ı ha`mde studentler esabatının` du`ziliwin tekseriw;

- studentler ta`repinen o`ndirislik a`meliyatı boyınsha jazılg`an esabatının` o`z waqtında tapsırılıwın ta`miyinlew (sonın` ishinde, temalar boyınsha);

- o`ndirislik a`meliyatı boyınsha esabat tapsırılg`annan keyin ha`r bir esabattı tekseriw ha`m jazba tu`rde og`an pikir jazıw, pikirde esabattın` unamlı ta`repleri ha`m kemshiliklerin ko`rsetiw;

- filialdag`ı a`meliyat basshıları kafedra jıynalısında waqtı-waqtı menen o`ndirislik a`meliyatının` barısı haqqında mag`lıwmat berip barıwı ha`m aqırında kafedrag`a jazba tu`rinde juwmaqlawshı esabat beriwi za`ru`r.

**Xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler ta`repinen a`meliyatqa basshı bolg`an ta`reptin` minnetlemeleri:**

- filialdan belgilengen basshı menen birgelikte a`meliyatshının` individual kalendarlıq tematikalıq is rejesin du`ziw;

- a`meliyatshını jumıs ornı menen ta`miyinlew ha`m jumıs waqtınan durıs

paydalanılıwın turaqlı tu`rde qadag`alap barıw;

- a`meliyatshı isine turaqlı basshılıq qılıw, a`meliyat bag`darlamasının` tolıq ha`m o`z waqtında orınlanıwın ta`miyinlew ha`mde qadag`alaw;

- ha`r bir o`z aldına is bo`liminin` xızmeti boyınsha a`meliyatshı menen tiyisli sa`wbetlesiw alıp barıw ha`m usı bo`limde jumıstı orınlaw mu`ddetin belgilew, onnan tısqarı, ayrım jumıslardı u`yreniw ha`mde olardı orınlaw protsessinde anıq bolmag`an ma`seleler ju`zesinen ma`sla`hatler berip barıw;

- bag`darlamada na`zerde tutılg`an barlıq jumıslardın` o`z waqtında orınlanıwın a`meliyatshıdan talap qılıw;

- ku`ndeliklerdegi jazıwlardı tekseriw ha`m olardın` tuwrılıg`ın o`z imzası menen tastıyıqlaw;

- ha`r bir a`meliyatshı - studentke a`meliyat aqırında orınlag`an jumısı boyınsha jazba pikir beriwi ha`m onda a`meliyattın` na`tiyjesin bahalaw lazım.

**3. A`meliyat da`wirinde studenttin` huqıqları ha`m minnetlemeleri.**

O`ndirislik a`meliyatqa jiberilip atırg`an studentlerdin` huqıqları to`mendegilerden ibarat:

- a`meliyat ushın kafedra ta`repinen jollanba xatı, a`meliyat bag`darlaması ha`m ku`ndeligin o`z waqtında beriliwin talap qılıw;

- student ushın kafedra ta`repinen basshı tayınlanıwın talap qılıw;

- a`meliyat o`tiw da`wirinde studenttin` tu`sinbegen sawallarına kafedra belgilegen basshısı ta`repinen tu`sindiriw jumısların talap qılıw;

- a`meliyat o`tiw da`wirinde payda bolg`an mashqalalardı kafedra yamasa kafedra belgilegen basshı menen saplastırıw ha`m basqalar.

O`ndirislik a`meliyatına jiberiletug`ın studentlerdin` minnetlemeleri to`mendegilerden ibarat:

- xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerden ha`m filialdan belgilengen a`meliyat basshıları menen birgelikte individual kalendar is rejesin du`ziw;

- xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerdin` basqa xızmetkerleri sıyaqlı ishki ta`rtip qag`ıydalarg`a ha`m miynet qag`ıydalarına a`mel qılıw;

- a`meliyat bag`darlamasın anıq belgilengen mu`ddette orınlaw;

- belgilengen formada ku`ndelik ju`rgiziw, og`an ha`r ku`ni orınlang`an jumıstı jazıp barıw ha`m bunı xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektlerden belgilengen a`meliyat basshılarının` imzası menen tastıyıqlaw;

- bir ha`ptede bir ma`rte, shembi ku`nleri a`meliyatshı – student filialg`a kelewi, orınlag`an jumısları haqqında kafedradag`ı belgilengen basshıg`a esabat beriw;

- joqarıda keltirilgen temalar ju`zesinen o`ndirislik a`meliyat esabatın tayarlaw, son`ınan «Ekonomika ha`m awıl xojalıg`ın basqarıw» kafedrasına ornatılg`an ta`rtipte tapsırıw. Esabatqa da`slepki hu`jjetler, esap registrleri, esabat formaları ha`m basqa materiallar qosımsha qılınıwı lazım;

- esabat penen birge da`lalatnama da tapsırılıwı, da`lalatnamag`a xojalıq ju`rgiziwshi sub`ekt ta`rpinen belgilengen basshının` imzası qoyılıwı ha`m sub`ekttin` mo`ri menen tastıyıqlanıwı ha`mde a`meliyatshının` esabatı bahalanıwı lazım;

- a`meliyatqa barmag`an student, a`meliyat basshılarına jazba tu`rinde tu`sindiriw xatı yamasa barmag`anlıg`ı sebebi tastıyıqlang`an mag`lıwmatnama ko`rsetiwi lazım.

### 4. A`meliyat na`tiyjelerin juwmaqlaw ha`m esabattı qorg`aw.

O`ndirislik a`meliyat boyınsha jazılg`an esabat student ta`rpeinen imzalanıwı, a`meliyat tamam bolg`annan keyin 3 ku`nnen keshiktirmesten «Ekonomika ha`m awıl xojalıg`ın basqarıw» kafedrasına tapsırıwı lazım. Esabat penen birge bag`darlama, ku`ndelik ha`m da`lalatnama da qosıp tapsırıladı. (Papkag`a tigilgen halda)

O`ndirislik a`meliyat boyınsha jazılg`an esabat tapsırılg`annan son` kafedra baslıg`ı ta`repinen belgilengen basshı usı esabattı tekserip, unamlı bahalang`an pikirdi bergennen keyin, egerde, onda kemshilikler ko`rsetilgen bolsa, usı kemshilikler saplastırılıwı sha`rt.

O`ndirislik a`meliyat boyınsha jazılg`an esabattı tekseriw ha`m qorg`aw filial ta`repinen belgilengen mu`ddette kafedrada du`zilgen komissiya quramı ta`repinen o`tkiziledi. O`ndirislik a`meliyat 100 ballıq sistema boyınsha bahalanadı ha`m studenttin` sınaw da`ptershesine jazıladı.

### 5. A`meliyattı sho`lkemlestiriwdi materiallıq ta`miyinlew.

Studentlerdin` o`ndirislik a`meliyatı oqıw rejesine muwapıq belgilengen bolıp, onı o`tiw ma`jbu`riy bolıp esaplanadı. Usı a`meliyat studentlerdin` o`zinin` tilegi ha`m qa`lewine ko`re erkin (ka`rxanalardı tan`law erkinligi) a`melge asırıladı. Egerde student ta`repinen a`meliyat jayı (ka`rxana) anıq bolmag`an jag`daylarda kafedra (filial) menen o`z-ara baylanısta bolg`an studentlerdin` a`meliyattı o`tiwleri boyınsha sha`rtnama du`zgen ka`rxana (sho`lkem)larg`a jiberiliwi na`zerde tutılg`an. A`meliyat o`tiw ushın sha`rtnama du`zilgen ka`rxana (sho`lkem)lar menen materiallıq ta`miyinlew isleri kafedra (filial) ortasında sheshiledi.

Studentlerdin` o`ndirislik a`meliyatın o`tiw ushın za`ru`r bolg`an metodikalıq ko`rgizbeler (jollanba xat, a`meliyat bag`darlaması ha`m a`meliyat ku`ndeligi) kafedra (filial) ta`repinen ta`miyinlenedi.

### 6. O`ndirislik a`melityatta studentler bilimin ko`p basqıshlı qadag`alaw kriteriyası

«Awıl xojalıg`ında buxgalteriyalık esap ha`m audit» bakalavriat ta`lim bag`darının` studentleri ushın o`ndirislik a`meliyat o`tkeriledi. O`ndirislik a`meliyat 8 ha`pte dawam etedi. Ha`r ha`ptede 36 caattan a`meliyat o`tiliwi tiyis. Demek ulıwma student 288 saat dawamında a`meliyattan o`tedi. Reyting bahalaw sisteması 100 ballıq sistemada alıp barıladı. Bul reyting ballarının to`mendegishe bo`listiriliwi maqsetke muwapıq boladı.

**«Awıl xojalıg`ında buxgalteriyalık esap ha`m audit» bakalavriat ta`lim bag`darı studentlerinin` o`ndirislik a`meliyatın**

**r e y t i n g  b a h a l a w  k r i t e r i y a s ı**

Juwmaqlawshı bahalaw (100 ballıq sistemada)

| № | Qadag`alaw tu`rleri | % | Ball |
|---|---|---|---|
| | | 100 | 100 |
| 1. | Xojalıq ju`rgiziwshi sho`lkemlerdin` ishki strukturası ha`m juwapker lawazımlar huqıqı ha`m wazıypaları menen tanısıw | 10 | 10 |
| 2. | Mazmunı | 50 | 50 |
| 3. | Teoriyalıq tayarlıg`ı | 25 | 25 |
| 4. | Studenttin` a`meliyatqa qatnası | 5 | 5 |
| 5. | Sho`lkemlestiriwshilik uqıplılıg`ı | 5 | 5 |
| 6. | Bezeliwi yamasa is qag`azların talapqa say da`rejede alıp barıw | 10 | 10 |
| | Ja`mi: | 100 | 100 |

Student to`mendegishe ballardı toplag`an jag`dayda qoyılatug`ın bahaları

Student 55,0-70,0 aralıg`ında ball toplasa «3» bahasın aladı.

**71,0-85,0** aralıg`ında ball toplasa «4» bahasın aladı.

**86,0-100** aralıg`ında ball toplasa «5» bahasın aladı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

**1-qosımsha**

O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`MSUW XOJALIG`I MINISTRLIGI

TAShKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI NO`KIS FILIALI

Zotexniya fakulteti

«Ekonomika ha`m awıl xojalıg`ın basqarıw» kafedrası

5660400-«Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bakalavr ta`lim bag`darı boyınsha ____ kurs,

____ topar studenti ________________________________________ tin`

**o`ndirislik a`meliyatı boyınsha**

# ESABATI

A`meliyattın` baslanıwı: «____» _______________ 20 y.

A`meliyattın` tamamlanıwı: «____» _______________ 20 y.

A`meliyat o`tilgen ka`rxana: ____________________________________

A`meliyat o`tilgen ka`rxanadag`ı basshı: ___________________________

Filialdag`ı ilimiy basshı: ______________________________

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

2-qosımsha

1-keste

**Jer maydanları ko`lemi ha`m du`zilisinin` o`zgeriwi**

| № | Jer maydanları tu`ri | 20__j. | | 20__j. | | O`zgeriwi (+,-) | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ga | % | ga | % | ga | % |
| | Ulıwma jer maydanı | | | | | | |
| 1 | Awıl xojalıq egislik jerlerinin` maydanı | | | | | | |
| | Sonnan: | | | | | | |
| 1.1 | Egislik jerleri | | | | | | |
| 1.2 | Pishenlikler | | | | | | |
| 1.3 | Jaylawlar | | | | | | |
| 1.4 | Bag`, ju`zim ha`m basqa ko`p jıllıq o`simlikler | | | | | | |
| 2 | Ha`wiz ha`m suw astı jerleri | | | | | | |
| 3 | Tamarqa jerleri | | | | | | |
| 4 | Awıl xojalıg`ında paydalanılmaytug`ın basqa jer maydanları | | | | | | |

2-keste

**Egin maydanlarının` ko`lemi ha`m du`zilisinin` o`zgeriwinin` analizi**

| № | Jer maydanlarının` tu`rleri | 20__j. | | 20__j. | | O`zgeriwi (+,-) | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ga | % | ga | % | ga | % |
| | Ulıwma jer maydanı | | | | | | |
| 1 | Da`n ha`m sobıqlı eginler | | | | | | |
| 2 | Ma`kkeda`ni | | | | | | |
| 3 | Texnikalıq eginler | | | | | | |
| | Sonnan: | | | | | | |
| | Paxta | | | | | | |
| 4 | Kartoshka | | | | | | |
| 5 | Miywe | | | | | | |
| 6 | Palız o`nimleri | | | | | | |
| 7 | Ot-jemlik eginler | | | | | | |
| | Sonnan: | | | | | | |
| 7.1. | Ma`kke silos ushın (ko`k halında) | | | | | | |
| 7.2. | Jon`ishqa bedesi | | | | | | |
| | **Ja`mi** | | | | | | |

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

3-keste

**Tiykarg`ı quralılar ko`lemi ha`m du`zilisinin` o`zgeriwinin` analizi**

| № | Tiykarg`ı quralılar du`zilisi | 20__ j. | | 20__ j. | | O`zgeriwi (+,-) | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ga | % | ga | % | ga | % |
| 1 | Ima`ratlar | | | | | | |
| 2 | Qurılmalar | | | | | | |
| 3 | Ju`rgizilip atırg`an qurılmalar | | | | | | |
| 4 | Mashina ha`m u`skeneler | | | | | | |
| 5 | Transport quralları | | | | | | |
| 6 | Isshi haywanlar | | | | | | |
| 7 | O`nimdar haywanlar | | | | | | |
| 8 | Miyweli terekler | | | | | | |
| 9 | Basqa tiykarg`ı quralılar | | | | | | |
| 10 | Jerlerdi jaqsılaw ushın kapital qa`rejetler | | | | | | |
| | Tiykarg`ı quralılar du`zilisi | | | | | | |

4-keste

**Sharwashılıq tarmag`ında o`nim jetistiriwdin` analizi**

| № | O`nimler tu`rleri | 20__ j. | 20__ j. | O`zgeriwi (+,-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Sharwashılıq o`nim bahası, mın` swm | | | |
| 2 | Jalpı o`nimnin` shıg`ıwı, tsentner | | | |
| | Sonnan: | | | |
| 2.1. | Su`t, ts | | | |
| 2.2. | Buzaw, bas | | | |
| 2.3. | Qaramaldın` qosılg`an salmag`ı, ts | | | |
| 2.4. | Qoylardın` qosılg`an salmag`ı, ts | | | |
| 2.5. | Shoshqalardın` qosılg`an salmag`ı, ts | | | |
| 2.6. | Ju`n, ts | | | |
| 2.7. | Qarako`l teri, dana | | | |
| 2.8. | Ma`yek, mın` dana | | | |
| 2.9. | Bal, ts | | | |
| 2.10. | Pille, ts | | | |
| 3 | Alıng`an tezek, tsentner | | | |
| 4 | Alıng`an tezek bahası, mın` swm | | | |
| 5 | Sharwashılıqtan alıng`an basqa o`nimler bahası, mın` swm | | | |

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

5-keste

**Diyxanshılıq tarawına ajıratılg`an qa`rejetlerdin` o`zgeriwi**

| № | Qa`rejetler tu`ri | 20__j. | 20__j. | O`zgeriwi (+,-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Miynet haqı, ajıratpaları menen, mın` swm | | | |
| 2 | Materiallıq qa`rejetler ja`mi | | | |
| | Sonnan: | | | |
| 2.1. | Tuxım ha`m na`ller | | | |
| 2.2. | Mineral to`ginler | | | |
| 2.3. | Janılg`ı ha`m maylaw materialları | | | |
| 2.4. | Elektr energiyası | | | |
| 2.5. | Basqa materiallıq qa`rejetler | | | |
| 3 | Tiykarg`ı qurallar eskiriw summası | | | |
| 4 | Qamsızlandırıw qa`rejetleri | | | |
| 5 | Basqa qa`rejetler | | | |
| | **Ha`mmesi** | | | |

6-keste

**O`nimlerdin` o`zine tu`ser bahası du`zilisi o`zgerisinin` analizi (eginler boyınsha)**

| № | Qa`rejetler tu`ri | 20__j. | 20__j. | O`zgeriwi (+,-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Miynet haqı, ajıratpaları menen, mın` swm | | | |
| 2 | Tuxım ha`m na`ller | | | |
| 3 | Mineral to`ginler | | | |
| 4 | O`simliklerdi qorg`aw quralları | | | |
| 5 | Janılg`ı ha`m maylaw materialları | | | |
| 6 | Isshi ha`m xızmetler | | | |
| 7 | Basqa materiallıq qa`rejetler | | | |
| 8 | Tiykarg`ı qurallardın` eskiriw summası | | | |
| 9 | Qamsızlandırıw qa`rejetleri | | | |
| 10 | Basqa qa`rejetler | | | |
| | **Ha`mmesi** | | | |



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

7-keste

**Sharwashılıq tarawıga jumsalg`an qa`rejetlerdin` analizi**

| № | Qa`rejetler tu`ri | 20__j. | 20__j. | O`zgeriwi (+,-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Miynet haqı, ajıratpaları menen, mın` swm | | | |
| 2 | Materiallıq qa`rejetler ja`mi | | | |
| | Sonnan: | | | |
| 2.1. | Ot-jem ha`m sanaat o`nimleri | | | |
| 2.2. | Basqa awıl xojalıg`ı o`nimleri | | | |
| 2.3. | Janılg`ı ha`m maylaw materialları | | | |
| 2.4. | Elektr energiyası | | | |
| 2.5. | Ag`ımdag`ı on`law ushın awısıq bo`lekler ha`m qurılıs materialları | | | |
| 3 | Tiykarg`ı qurallardın` eskiriw summası | | | |
| 4 | Qamsızlandırıw qa`rejetleri | | | |
| 5 | Basqa qa`rejetler | | | |
| | **Ha`mmesi** | | | |

8-keste

**Awıl xojalıq o`nimlerin islep shıg`arıw ha`m satıw boyınsha biznes-rejenin` orınlanıwının` analizi**

| № | O`nimler tu`ri | Biznes reje boyınsha | | | | | | Haqıyqatta | | | | | | Ayırmashılıq (+,-) | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Egin maydanı, ga | Mug`darı, ts | O`zine tu`ser bahası, mın` sum ssum | Satılg`an o`nim mug`darı, ts | Satıwdan da`ramat, mın` sum | Payda, zıyan | Egin maydanı, ga | Mug`darı, ts | O`zine tu`ser bahası, mın` Sum | Satılg`an o`nim mug`darı, ts | Satıwdan da`ramat, mın` swm | Payda, zıyan | Egin maydanı, ga | Mug`darı, ts | O`zine tu`ser bahası, mın` sum | Satılg`an o`nim mug`darı, ts | Satıwdan da`ramat, mın` sum | Payda, zıyan |
| 1 | Paxta | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 2 | Biyday | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Diyxanshılıq boyınsha ja`mi | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 1 | Go`sh | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 2 | Su`t | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Sharwashılıq boyınsha ja`mi | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Xojalıq boyınsha ja`mi** | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

**9-keste**

**Islep shıg'arıw rentabelligi**

| № | Ko'rset kishler | O'lshem birligi | Reje | | | | Haqıyqatta | | | | Salıstırg'anda | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Pul tu'simi | Ja'mi qa'rejet | Payda | Rentabellik | Pul tu'simi | Ja'mi qa'rejet | Payda | Rentabellik | Pul tu'simi | Ja'mi qa'rejet | Payda | Rentabellik |
| 1 | Paxta | | | | | | | | | | | | | |
| 2 | Biyday | | | | | | | | | | | | | |
| 3 | Su't | | | | | | | | | | | | | |
| 4 | Go'sh | | | | | | | | | | | | | |
| Xojalıq boyınsha ja'mi | | | | | | | | | | | | | | |

**10-keste**

**Islep shıg'arıwda miynet o'nimdarlıg'ı analizi**

| O'nim tu'rleri | 1 ga jerden alıng'an jıyımı | | 1 ts o'nimnin' o'zine tu'ser bahası, swm | | 1 ts ushın miynet jumsı, adam-saat | | 1 islewshige tuwrı keletug'ın o'nim, swm | | 1 adam-saatqa tuwrı keletug'ın o'nim, swm | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | reje | haqıy-qatta | reje | haqıy-qatta | reje | haqıy-qatta | reje | haqıy-qatta | reje | haqıy-qatta |
| Paxta | | | | | | | | | | |
| Biyday | | | | | | | | | | |
| Su't | | | | | | | | | | |
| Go'sh | | | | | | | | | | |

**11-keste**

**Paxta zu'ra'a'tliliginin' bo'listiriliwi (aqırg'ı u'sh jıl ushın ayrıqsha toltırıladı)**

| Sortlar | Salmag'ı, % | Mug'darı, tonna | Ma'mleket buyırtpası, tonna | Xojalıq qaramag'ında qalatug'ın bo'legi, tonna | Ma'mleket buyırtpa sının' summası, mın' swm | Xojalıq qaramag'ında qalatug'ın bahası, mın' swm | Paxtadan keltiretug'ın ba'rshe da'ramatlar, mın' swm | Paxta jetistiriw ushın ja'mi qa'rejet, mın' swm |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 1-sortlı | | | | | | | | |
| 2-sortlı | | | | | | | | |
| 3-sortlı | | | | | | | | |
| 4-sortlı | | | | | | | | |
| **Ja'mi:** | | | | | | | | |

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

A.Shamshetov,R.Tlewbergenov,Q.Aytimbetov

# O`NDIRIS A`MELIYaTIN ShO`LKEMLESTIRIW HA`M O`TKIZIW

*(«Awıl xojalıg`ında buxgalteriya esabı ha`m audit» bakalavr ta`lim bag`darının` studentleri ushın metodikalıq ko`rsetpe)*

Qaraqalpaq tilinde

«Qaraqalpaqstan» baspası-No`kis-2012

Redaktor Q.Ismaylov

Teriwge berilgen waqtı 15.03.2012. Basıwg`a ruxsat etilgen waqtı 26.03.2012. Qag`az formatı 84x108[1]. Ofset usılında basıldı.Ko`lemi 2,0 b.t. Ja`mi 100 nusqada. Baxası sha`rtnama boyınsha. Buyırtpa № c/01

«Qaraqalpaqstan» baspası: 742000, No`kis qalası, Qaraqalpaqstan ko`shesi, 9.
"POLI-SPEKTR-NUKUS" JShJ tipografiyasında basıldı. Ma`nzil: No`kis qalası, A.Dosnazarov ko`shesi, 86 - jay